

NEW YORK CITY BEZWEN KONTEW!

Kisa resansman an ye?

Resansman an konte chak grenn moun k ap viv nan peyi Etazini.

Yo fèl chak dis an.



Resansman an detèmine:



De santèn de milya de fon federal pou edikasyon piblik, swen sante, lojman abòdab, enfrastrikti, ak plis ankò.



Kantite plas New York genyen nan Kongre a.



Fason nou pran desizyon enpòtan konsènan règleman lokal, sèvis dijans, transpò, swen sante, ak plis toujou, baze sou done ki egzak.

RESANSMAN AN AFEKTE PATI EKITAB PA NOU NAN SANTÈN BILYON FON YO POU:



Pwogram Asirans Sante pou Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP), edikasyon, pwofesè, founiti, ak pwogram apre lekòl yo, ak tou pwogram pou timoun ki gen bezwen espesyal ak sa ki nan fwaye ki touche revni ki ba.



Edikasyon pou granmoun, pwogram fòmasyon pou travay, ki gen ladan yo sèvis priorite pou veteran, pou moun ki fèt etranje, pou moun ki gen andikap, ak rezidan New York yo ki te gen demele avèk lajistis.



Amelyorasyon sant pou granmoun yo ak pwogramasyon, sa enkli manje.



Asistans pou lojman abòdab (Seksyon 8), antretyen, reparasyon ak amelyorasyon.

Se poutèt sa nou bezwen pou yo konte tout rezidan New York yo.

Lè ou patisipe nan resansman an, ou fasonnen avni kominote nou yo.

An 2010, se te sèlman **62%** nan rezidan New York yo ki te patisipe poukont yo nan resansman an, yon pousantaj ki pi ba lontan pase **76%**, ki se mwayèn nasyonal la.

Si gen plis rezidan New York ki patisipe an 2020, n ap jwenn plis lajan pou lekòl nou yo, pou swen sante, ak pou pwogram ak sèvis nou depann de yo toulejou yo.



Kisa resansman an mande?

- ✓ Konbyen moun k ap viv oswa ki rete nan kay ou
- ✓ Idantite seksyèl, laj, ras ak gwoup etnik yo
- ✓ Si ou achte oswa ou lwe kay ou
- ✓ Adrès kay ou



Resansman 2020 an PA mande w enfòmasyon sou:

- ✗ *Estatim imigrasyon w oswa sitwayènte w*
- ✗ *Revni*
- ✗ *Nimewo Sekirite Sosyal*

Enfòmasyon w byen pwoteje!

- 🔒 Tout repons yo konfidansyèl, pwoteje selon lalwa, e yo pa kapab sèvi ak yo kont ou, nan okenn sans.
- 🔒 Legalman, Biwo Resansman an pa kapab pataje okenn enfòmasyon pèsonek avèk lòt ajans gouvènman yo, menm avèk otorite lapolis.

Penaltie Pou vyole lwa sa enkli jiska senk an nan pwizon ak \$250,000 nan amann.



Kilè resansman an ap kòmanse?

An 2019, Administrasyon de Blasio a, te lanse Resansman NYC 2020 (NYC Census 2020), yon inisyativ san parèy pou òganizasyon resansman an pou asire yon dekont konplè ak egzak tout rezidan New York yo nan Resansman 2020 an. Pwogram sa a gen ladan l:

- ➔ Fon NYC pou yon Dekont Konplè, ke fon Administrasyon de Blasio a ak Konsèy Minisipal la sipòte, te investi \$19 milyon dola nan edikasyon ak mobilizasyon pou resansman an atravè òganizasyon kominotè ke rezidan New York yo konnen e fè konfyans.
- ➔ Patenarya ant ajans yo ki pral pwofite de pouvwa mendèv solid ki konpoze ak 350,000 travayè Vil la ak gwo enstitisyon nan vil la, ki gen pami yo, bibliyotèk, lopital, ak enstitisyon relijye, kiltirèl ak pou edikasyon siperyè.
- ➔ Yon kanpay minisipal piblisite ak sou teren an pou atenn chak grenn rezidan New York. Patisipe kòm volontè nan katye w la: nyc.gov/census

Kilè resansman an ap kòmanse?

12 MAS 2020

my2020census.gov




Pou premye fwa, w ap kapab konplete resansman an sou entènèt, pa lapòs, oswa nan telefòn, nan plizyè lang.



Tcheke bwat postal ou pou enfòmasyon k ap soti nan Biwo Resansman an sou kijan pou ranpli fòm la.



Tout sikisal bibliyotèk piblik NYC yo ak plizyè òganizasyon kominotè dekonfyans pral ofri asistans tou pou ranpli fòmilè a.



Aprann plis ale nan:

nyc.gov/census